Нагахь санна шуна переводчик везахь, шуна лоцур ву иза. Дехар ду хаийта переводчик шайна везахь шаьш маца дог1а олучу хенахь. Цул т1аьхьа больницан белхлоша шуна лоцур ву переводчик.

# Областех лаьцна

**Крунуберг Областан Комитетан куьйгалла деш Областан Комитетан Ассамблея ю, цуьнан декъашой халкъо хаьржина политикаш бу.**

Областан Комитетан Ассамблея областан уггаре лакхара Іедалан орган ю, цуьна юкъа вогІуш 45 декъашхо ву. Цара беш болу сацамаш областан дозанехь дехачу адамийн могушаллех а, иза церан ларъян оьшу гІирсех а, оцу гІуллакхийн экономически аг1онех а боьзна хуьлу. Оцу политикийн вовшахкхетарш милла а ван веан ладогІа таро йолуш диллина ду. Иштта цига баьхкинчу областан бахархойх цхьанна шен делахь цхьа хаттар дан йиш ю.

Областан Комитетан Кхеташона юкъа вогІуш 15 хаьржина политик ву. Церан декхар областан Іедалан лаккхара куьйгалла дар ду.

## Гражданинан предложени

Массо Крунубергера бахархойн йиш ю шайн хетарг ала, Іедалан балхаца йоьзна предложенеш ян а. Ша яздинчуна буха куьг яздан деза, иштта шен адрес а, зІаьй тоха лоьмар а. Муьлхачу кехат тІехь яздан йиш ю иза, я, кхечу кепара, областан интернет-агІон т1ера "Internettjänster" декъера кийча формуляр тІехь. Кехат таса хІокху поштан адресаца:
Medborgarförslag
Landstinget Kronoberg
351 88 Växjö

## Тхо бахархойшца къамел кхиош ду

2010 шаран чохь Крунуберг Областан Совет лаам болаш ю бахархойшца къамел д1адоладан интернет-аг1он www.ltkronoberg.se т1ехь. Оцу къамелехь дакъа лаца луаш бола бахархой из мехаза дан йиша йолуш бу. Шеран чохь э-поштан тІе масех интернет-анкета кхочу, цхьана гІуллакхех доьзна хаттарш а долуш. Оцу анкеташна бахархоша луш долчу жоьпех вовшахтуху рожехь йолу отчет. Т1аккха иза д1акхачайо комиссийн чубершна а, политикашна а, закалшна а, иштта интернет-аг1он т1ехь арахоьца.